

## Konje peye pou rezon fanmilyal ak medikal nan Massachusetts(PFML)

### Pandan grosès ak pou nouveau paran yo

Massachusetts ofri travayè ki kalifye yo peye konje pwoteje travay nan sèten sitiyasyon. Lè w tounen sot nan konje a, anplwayè w la ta dwe reba ou menm travay ou te genyen avan w pran konje a, oubyen yon travay ki gen menm sitiyasyon salè, avantaj travay yo, menm kredi ansyènte, ak ansyènte. Eksepsyon nan pwoteksyon travay se lè lòt moun nan menm nivo avè w te revoke.

#### Elijiblite

- Ou dwe ap travay Massachusetts. Sa gen ladan I travay pou kominate a ak ajans li yo, e pou moun ki ap travay Massachusetts pou anplwayè andeyò Leta Anplwaye federal yo pa ladan I. Anplwayè minisipal yo ka rantre, men pifò pa fè sa. Si w se yon travayè endependan, ou ka enskri, epi kalifye pou jwen prestasyon w yo touswit siw peye kotizasyon ou yo pou 2 trimès avan yo( ou dwe rete nan pwogram nan pandan 3 zan apre w fin antre). Plis enfòmasyon sou kèk kalite travay **ki pa kouvri**. [mass.gov/info-details/your-eligibility-for-paid-family-and-medical-leave-pfml](https://mass.gov/info-details/your-eligibility-for-paid-family-and-medical-leave-pfml)
- Ou ta dwe ap touche pou pi piti
  - \$6,300 pandan 4 dènye trimès pase yo ki fini (pou 2024) epi
  - Omwen 30 fwa plis pase kantite lajan ou ka elijib pou resevwa chak semèn nan men ou atravè prestasyon konje maladi fanmi ou peye.
  - Si ou pap travay, ou ka elijib si w te nan chomaj pandan 26 semèn oswa mwens

#### Sèvis yo

- Prestasyon PFML ou yo pral mwens pase salè regilye ou
- Montan **maximum** Prestasyon PFML pou ane prestasyon 2024 la se \$1,149.90–Paw la ka mwens
- Gade kalkil prestasyon yo pou yon estimasyon pèsonèl:  
[calculator.digital.mass.gov/pfml/yourbenefits](https://calculator.digital.mass.gov/pfml/yourbenefits)

**Prestasyon sèvis yo dwe respekte yon delè datant 7 jou.** Ou pap **resevwa** Prestasyon PFML pou peryòd datant sa a, men 7 jou sa yo **ap** konte pou konje total ou genyen disponib pou ane prestasyon an.

#### Diferan kalite konje

Yon fiti paran oswa yon nouveau paran byologik ka elijib pou pran

- **Konje Maladi ( jiska 20 semèn)** akòz sèten kondisyon pandan oswa apre gwochè la. Ou ka kalifye si ou
    - gen yon pwoblèm sante grav ak
    - Sètifikasyon nan men founisè swen sante ou ke ou pa kapab travay akòz maladi ak pou konbyen tan (tan konje ki nesesè)
- ak/oubyen**
- **Konje pou obligasyon familyal(jiska 12 semèn)** apre ou fin etabli yon lyen ak pitit ou; paran ki pa byolojik yo ka elijib tou pou konje pou obligasyon familyal.

## Pran konje pou rezon Medikal ak Fanmi

**Maksimòm pou konje medikal ak konje parantal konbine se 26 semèn.** Se pa tout moun ki kalifye pou toulede konje yo ki ap jwenn 26 semèn. Founisè swen sante w la pral ranpli yon fòm ki endike konbyen tan ou bezwen pou pòsyon konje maladi a nan konje konbine an.

Paran byolojik ki mande tou de kalite konje yo ta dwe mande konje maladi an premye, anvan yo mande konje obligasyon familyal la. Apre w fin mande konje maladi, ou ka rele Sant Kontak DFML nan 833-344-7365 pou kòmanse yon demann konje parantal. Lè sa, yo ta dwe renonse ak dezyèm peryòd 7 jou ki pa peye a.

## Pou Aplike

Dabò ou dwe fè patwon w konnen si w bezwen pran konje. Si se yon konje planifye, ou dwe bay omwen 30 jou avi.

Apre sa aplike pou PFML nan [paidleave.mass.gov](http://paidleave.mass.gov)

Si w ap aplike pou prestasyon konje peye pou fanmi ki gen rapò ak militè, oswa siw ap aplike pou prestasyon konje peye pou fanmi oswa medikal epi w ap travay poukout ou oswa ou pap travay kounye a, tanpri rele **sant Kontak Depatman an nan 833-344-7365 pou soumèt demann ou an.**

## Anplwayè w ak PFML

Patwon ou fè pati de pwosesis apwobasyon an. Patwon ou yo ka rejte aplikasyon w lan sèlman si yo kwè:

- Ou deja itilize maksimòm konje ou pou ane a
- Aplikasyon w lan manke kèk aspè, manke kòrèk oswa gen fwod

Patwon w **lan pa ka** rejte demann konje w la pou rezon bidjè oswa pou rezon orè.

## Delè aplikasyon an

Apre w fin soumèt aplikasyon konplè w la, atann pou tretman an pran omwen 35 jou.

## Sous ak Plis Enfòmasyon:

- [mass.gov/info-details/your-eligibility-for-paid-family-and-medical-leave-pfml](http://mass.gov/info-details/your-eligibility-for-paid-family-and-medical-leave-pfml)
- [mass.gov/paid-family-and-medical-leave-benefits](http://mass.gov/paid-family-and-medical-leave-benefits)
- [mass.gov/decision-tree/what-type-of-paid-leave-should-i-apply-for#s=585676&p=585676](http://mass.gov/decision-tree/what-type-of-paid-leave-should-i-apply-for#s=585676&p=585676)